Focus on K2
Home Links


Inite 2 : Zanimo ak Abitasyon

Semèn 9

Chè fanmi,

N ap li de (2) tèks enfòmatif ki gen menm tit pou n kontinye etid nou sou lou : ***Wolves*** ke otè Seymour Simon ekri ak ***Wolves*** ke Gail Gibbons ekri. Ou kapab jwenn liv sa yo ak divès lòt liv sou zanimo ki ka enterese w nan bibliyotèk. Kèk nan mo vokabilè pou semèn sa a se *eerie*, *misunderstood*, *research*, ak *carnivore*.





Semèn sa a, eseye fè kèk nan aktivite yo avèk pitit ou a—osinon nou kapab fè yo tout ! Ou kapab itilize dèyè do paj sa a pou w desine, ekri divès istwa, oswa nenpòt lòt bagay ou ta renmen pataje. Tanpri ede pitit ou a remèt fèy la bay lekòl la nan fen semèn nan. Nou espere n ap amize nou pandanke n ap aprann ansanm.

Mouvman gwo misk : Bati yon twou bèt (yon tànyè)

Itilize divès atik ou jwenn lakay ou, tankou : dra ak zorye pou w bati yon twou bèt (yon tànyè). Kònbyen manm fanmi w twou bèt ou fè a kapab kenbe ?

Desine yon kwoki twou bèt ou fè a epi montre konbyen moun li kab kenbe anndan l. Fè yon foto twou bèt ou a.

Jwe yon jwèt tande : Son ki nan mitan

Di yon mo, epi mande pitit ou a pou l di mo a, epi idantifye son ki nan mitan mo a.

Pa egzanp :

pup /u/
chip /i/
log /o/
mad /a/
deck /e/

Pale de li...

Timoun yo te arive fè lekti sou lou imajinè ak vrè lou. Mande piti ou a pou l esplike kòman moun arive mal konprann lou. Mande, *Ki santiman w genyen anvè lou kounye a ?* Li ka di : *Mwen te konn panse ke ____, kounye a mwen konnen ke___.*

Li ansanm !

pou omwen 20 minit chak jou

Jwe avèk divès ide matematik

Mande pitit ou a pou l mete 4 soulye atè a, lèfini pou l konte yo. Kounye a ajoute 2 soulye ankò. Konbyen soulye ki la antou ?
Itilize divès diferan atik ak divès diferan konbinezon chif jiska 6 (1 + 5, 2 + 4, 3 + 4, 4 + 2, 0 + 6).

Eksplore syans ak jeni (enjenyeri) : Pwal (Plim), Po, ak Ekay (Kal)

Chèche oswa desine divès foto divès zanimo.
Apresa triye yo an twa gwoup selon si yo gen plim, po, oswa ekay. Ou kapab gade sou entènèt pou w jwenn diferan tip zanimo ou kapab enkli.

Jwe avèk divès son pou fòme yon lektè

Ekri chak nan lèt sa yo sou yon ti moso papye : m, a, d, s, p, r. Aranje yo pou w kreye chak nan mo ki mansyone nan pati anba a. Fè pitit ou a tape e di chak son, apresa melanje son yo ansanm pou kreye yon mo.



/m/-/a/-/d/ → mad
/s/-/a/-/p/ → sap
/p/-/a/-/d/ → pad
/r/-/a/-/p/ → rap



Powèm semèn sa a

Li powèm nan awotvwa, epi li l ansanm. Manyen pati ki anba chak mo pandanke w ap resite powèm nan.

Five Little Wolves

Five little wolves sat in a den.
The first one said, "I see a hen."
The second one said, "The hen is big."
The third one said, "Let's find a pig."
The fourth one said, "I'll take a cat."
The fifth one said, "I can do that."
So the five little wolves ran out in a dash,
and away they went, in a flash.

Itilize espas sa a pou n fè yon desen, ekri yon istwa, oubyen nenpòt avanti nou te gen ansanm. Lòt timoun yo nan kominote sal de klas nou an ta renmen konen kichòy sou yo ! Epitou nou kapab itilize espas sa a pou n ekri yon nòt bay timoun yo oswa pwofesè yo nan sal de klas la.

Non timoun nan _____

Repons fanmi an

Kilès ki te eseye aktivite Home Links yo ansanm semèn sa a ? _____

Kilès aktivite ou te renmen ? Èske te gen okenn aktivite ki te prezante yon gwo defi ? Pou ki sa ?